



Gen Alam Detektè Lafimen/Gaz Kabonik (CO) ki Fonksyone



Alam ki gen batri ki fèmen pou 10 zan.



Nan dènye ane yo, 70% ka lanmò akòz dife te fèt nan kay kote pa t gen alam detektè Lafimen/gaz kabonik ki travay.

Risk ou pou mouri nan yon dife diminye a mwatye lè gen alam detektè Lafimen/gaz kabonik ki lakay ou.



Alam detektè Lafimen ak gaz kabonik (CO) ki fonksyone sove lavi moun lè yo ba ou ak moun pa ou yo yon siyal avètisman ki endike gen yon move bagay k ap pase. Dife simaye rapid epi gaz kabonik se yon tiyè an silans. Alam ki fonksyone yo se eleman ki pi enpòtan nan plan pou deplase vit.

- Asire ou gen kalite alam ki bon an. Alam yo dwe gen apwobasyon Underwriters Laboratories (chèche yon mak UL) epi gen yon avètisman fasil pou tandé lè y ap fini. Tout nouvo alam detektè Lafimen yo ak sa ou ranplase yo ta dwe gen yon batman ki fèmen pou 10 zan epi ki pa ni ranplasab ni demontab.
- Gen yon alam detektè Lafimen ak yon alam CO (oswa yon melanj alam detektè Lafimen/monoksid kabòn). Yon kalite alam pa yon ranplasan pou lòt la.
- Si alam ou toujou itilize batri demontab, asire ou chanje yo de fwa chak ane. Yon bon jan rapèl se chanje batri yo nan jou lè chanje pou tan pou ekonomize limyè solèy la. Ranplase alam sa yo avèk sa ki gen batri ki fèmen pou 10 zan san pèdi tan.

Enstalasyon Alam

- Enstale alam yo kote w ap dòmi an epi nan chak etaj kay ou, ansam ak sousòl yo.
- Mete alam yo nan plafon an, toupre mitan chanm nan pito, men sou yon distans mwens pase kat pouz avèk yon miray. Si ou dwe enstale alam sou yon miray, ou ta dwe mete li sou yon distans ant 4 ak 12 pouz avèk plafon an.
- Anvizaje enstale alam ki konekte youn ak lòt yon fason pou lè yon alam sonnen, sa ap tout lòt yo sonnen.
- Ou ta dwe enstale alam espesyal pou moun ki mal pou tandem oswa ki soud. Limyè estwosboskopik ak vibrè matla disponib.

Antretyen Alam

- Teste alam ou yo souvan depi ou peze bouton tès la.
- Ranplase alam yo chak 10 zan oswa lè alam nan bay siyal pou endike li rive nan fen lavi li epi lè li bezwen ranplase.
- Kenbe alam yo pwòp lè ou retire pousyè ladan yo oswa lè ou pase aspiratè ladan yo souvan.

Lè yon Alam Sonnen

- Si yon alam CO sonnen, oumenm ak fanmi ou ta dwe soti deyò imedyatman epi rele 911.
- Si yon detektè Lafimen sonnen, asire ou egzekite plan ou pou deplase vit.
- Si yon alam deklanche pa erè, fè alam nan vin trankil depi ou pouse bouton poz la oswa bouton re-inisyalizasyon an. Louvri fenèt yo epi limen vantilitatè ayerasyon an pou netwaye lè a.
- Alam yo deklanche pa erè souvan akòz vapè twalèt la oswa vapè ki soti lè w ap kwit manje. Anvizaje deplase alam ki sonnen pa erè souvan.